

Teks Berbahasa Jawa Bacaan TALQIN Untuk Mayit

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ. لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ يُحْيِي وَيُمِيتُ وَهُوَ حَيٌّ دَائِمٌ لَا يَمُوتُ بِيَدِهِ الْخَيْرُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ. كُلُّ شَيْءٍ هَالِكٌ إِلَّا وَجْهَهُ لَهُ الْحُكْمُ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ. كُلُّ نَفْسٍ ذَائِقَةُ الْمَوْتِ. وَإِنَّمَا تُوَفَّقُونَ أُجُورَكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ. فَمَنْ زُحْزِحَ عَنِ النَّاسِ وَأُدْخِلَ الْجَنَّةَ فَقَدْ فَازَ. وَمَا الْحَيَاةُ الدُّنْيَا إِلَّا مَتَاعُ الْغُرُورِ. مِنْهَا خَلَقْنَاكُمْ فِيهَا نُعَبِّدُكُمْ. وَمِنْهَا نُخْرِجُكُمْ تَارَةً أُخْرَى. مِنْهَا خَلَقْنَاكُمْ لِلْأَجْرِ وَالْثَوَابِ. وَفِيهَا نُعَبِّدُكُمْ لِلدُّودِ وَالْتَرَابِ. وَمِنْهَا نُخْرِجُكُمْ لِلْعَرْضِ وَالْحِسَابِ. بِسْمِ اللَّهِ وَبِاللَّهِ وَمِنَ اللَّهِ وَالْإِلَى اللَّهِ وَعَلَى مِلَّةِ رَسُولِ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. هَذَا مَا وَعَدَ الرَّحْمَنُ وَصَدَقَ الْمُرْسَلُونَ. إِنْ كَانَتْ إِلَّا صَيْحَةً وَاحِدَةً فَإِذَا هُمْ جَمِيعٌ لَدَيْنَا مُحْضَرُونَ.

Hai bin / binti Saiki siro wus ninggalake ndunyo tumuju marang alam kubur, mulo siro ojo nganti lali karo janjimu menowo ora ono pengeran kejobo Gusti Alloh lan Nabi Muhammad iku utusane Alloh.

Mulo yen ono Malaikat Alloh loro takon marang siro, ojo nganti siro wedi lan ndredeg. Mangertio siro, Malaikat loro itu yo podo-podo makhluke Alloh. Yen Malaikat loro iku teko lan ngelungguhake siro, sarto takon mangkene : Hai manungso! Sopo pengeranmu?, opo Agomomu?, Sopo Nabimu?, opo aqidahmu (I'tiqodmu)?, ngendi kiblatmu? lan opo sing mbok ucapake naliko siro urip lan mati?. Mulo jawaben kanti teges lan mantep Alloh Pangeranku. Yen siro ditakoni ambal kaping pindo, mulo jawaben Alloh Pangeranku, Yen pitakone diambali maneh kang kaping telu, mulo jawaben kanti teges dan mantep orang perlu wedi : Alloh Pengeranku, Islam Agamaku, nabi Muhammad Nabiku, Kitab Al-Qur'an panutanku, Ka'bah kiblatku, sholat limang wektu kewajibanku, muslimin-muslimat koncoku, urip lan patiku tansah netepi :

لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ مُحَمَّدٌ رَسُولُ اللَّهِ .

Hai bin / binti! Gondelono temenan hujjah sing wis tak ajarake marang siro ini. Elingo menowo siro wus manggon ing Alam Barzah tumeko kiamat, yo iku wektu poro makhluk ditangeake songko kubure.

Ngertio!, menowo pati iku haq, Alam kubur iku haq, nikmate Alloh iku haq, sikso kubur iku haq, pitakone Malaikat Munkar-Nakir iku haq, dino ditangeake makhluk iku haq, hisab iku haq, syafaat kanjeng Nabi Muhammad iku haq, surgo iku haq, neroko iku haq, ketemu Gusti Alloh iku haq dan Alloh bakal nangeake menungso songko kubur iku haq.

نَسْتَوِدُّعَكَ اللَّهُمَّ يَا أُنَيْسَ كُلِّ وَجِيدٍ وَيَا حَاضِرًا لَيْسَ بِغَائِبٍ أَنْسَ وَحَدَّثَنَا وَوَحَدَّثَهُ وَارْحَمَ غُرْبَتَنَا وَغُرْبَتَهُ وَلَقِّنْهُ حُجَّتَهُ وَلَا تَقْنِنَا بَعْدَهُ وَاعْفِرْ لَنَا وَلَهُ يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ. آمِينَ